


Sekirite kont Dife nan Kay Vakansm



Kenbe jou ferye yo byen klere nan lajwa pandan w ap jwi tradisyon ou pi renmen yo, selebre bò tab ou epi kreye nouvo souvni.

Sonje **konsèy** sekirite sa yo kont dife nan kay vakans pandan sezon fèt – epi rete an **sekirite!**



- 1.** Alam lafimen sove lavi. Asire ou ke gen alam lafimen ki enstale kote yo ka plis itil: toupre kwizin ou, nan chak etaj kay ou, toupre kote moun dòmi, anndan ak deyò chanm yo, elatriye. Teste batri yo chak mwa epi ranplase yo omwen yon fwa chak lane.
- 2.** Verifye si fil dekorasyon ak limyè yo nan bon kondisyon. Si yon kab elektrik chire, pa sèvi ak li!
- 3.** Toujou deploge limyè fèt yo epi etenn bouji yo anvan ou kite kay la oswa w ale nan kabann.
- 4.** Mete dekorasyon yo a omwen 3 pye de sous chalè tankou chemine, aparèy chofaj pòtatif ak ouvèti chalè.
- 5.** Si w itilize yon chemine pou chalè, etabli yon perimèt sekirite omwen 3 pye distans ak flanm yo. Pa kite tizon dife ak branch bwa yo vole sot nan flanm dife a. Asire ou ke tout tizon dife yo etenn anvan ou kite kay la oswa ale nan kabann.
- 6.** Rasanbleman nan jou fèt ka vle di plis trafik nan kwizin nan. Selebre an sekirite lè w kenbe timoun yo, bète yo ak atik ki ka pran dife yo lwen recho ak fou yo. Redwi risk pou dife pran lè ou netwaye rapidman tout grès ki tonbe.